

Vaksen Polisakarid kont Nemokòk (PPSV23): Sa Ou Dwe Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen disponib nan lang Anglè ak nan lòt lang. Gade nan www.immunize.org/vis

1 Poukisa moun dwe vaksinen?

Vaksen Polisakarid kont Nemokòk (PPSV23) kapab anpeche **maladi nemokoksik**.

Maladi nemokoksik vle di nenpòt maladi bakteri nemokòk yo lakòz. Bakteri sa yo kapab lakòz anpil kalite maladi, tankou nemoni, ki se yon enfeksyon nan poumon. Bakteri nemokòk yo se youn nan kòz nemoni ki pi kouran.

Anplis nemoni, bakteri nemokòk yo kapab lakòz tou:

- Enfeksyon nan zòrèy
- Enfeksyon nan sinis (nen)
- Menenjit (enfeksyon nan tisi ki kouvri sèvo a ak mwal epinyè a)
- Bakteryemi (enfeksyon nan san)

Nenpòt moun ka trape maladi nemokoksik, men timoun ki poko gen laj 2 zan, moun ki gen sèten pwoblèm medikal, granmoun 65 lane oswa pi gran, ak moun ki fimen sigarèt yo gen pi gwo risk.

Pifò nan enfeksyon nemokoksik yo pa grav. Men, kèk nan yo ka lakòz pwoblèm alontèm, tankou domaj nan sèvo oswa pèt kapasite pou tande. Menenjit, bakteryemi, ak nemoni ke maladi nemokoksik lakòz kapab mòtèl.

2 PPSV23

PPSV23 pwoteje kont 23 kalite bakteri ki lakòz maladi nemokoksik.

Yo rekòmande PPSV23 pou:

- Tout **granmoun laj 65 lane oswa pi gran**,
- Nenpòt moun **ki gen 2 zan oswa pi gran ki gen sèten pwoblèm medikal ki ka lakòz plis risk pou maladi nemokoksik**.

Pifò moun bezwen sèlman yon dòz PPSV23. Yo rekòmande yon dezyèm dòz PPSV23, ak yon lòt kalite vaksen kont nemokòk yo rele PCV13 pou sèten gwoup ki gen pi plis risk. Pwofesyonèl swen sante ou kapab ba ou plis enfòmasyon.

Moun ki gen 65 lane oswa pi gran ta dwe pran yon dòz PPSV23 menm si yo te deja pran youn oswa plizyè dòz vaksen an anvan yo te vin gen 65 lane.

3 Pale ak pwofesyonèl swen sante ou

Di founisè swen vaksen ou an si moun k ap resevwa vaksen an:

- Te fè yon **reyaksyon alèjik aprè yon premye dòz PPSV23**, oswa si li te fè nenpòt **alèji grav oswa mòtèl**.

Nan sèten ka, pwofesyonèl swen sante ou kapab deside pou ranvwaye vaksinasyon PPSV23 ou an pou yon lòt randevou.

Moun ki gen maladi ki pa grav tankou yon rim, kapab vaksinen. Anjeneral moun ki malad nan fason modere oswa gravman dwe tann jiskaske yo geri anvan yo pran vaksen PPSV23.

Pwofesyonèl swen sante ou kapab ba ou plis enfòmasyon.

4**Risk yon reyaksyon ak vaksen an**

- Aprè PPSV23 a, sa ka rive ou gen po kò ou wouj oswa doulè kote yo bay piki a, sansasyon fatig, lafyèv, oswa doulè nan misk.

Pafwa moun yo endispoze aprè pwosedi medikal yo, vaksinasyon an ladan tou. Fè pwofesyonèl swen sante ou konnen si ou santi vètij, oswa si vizyon ou chanje oswa si ou tande boudonman nan zòrèy ou.

Menm jan ak nenpòt medikaman, gen yon ti risk tou piti pou yon vaksen lakòz yon reyaksyon alèjik grav, lòt blesi grav oswa lanmò.

5**E si gen yon pwoblèm grav?**

Yon reyaksyon alèjik grav kapab prezante aprè moun ki vaksinen an kite klinik la. Si ou wè siy yon reyaksyon alèjik grav (itikè, enflamasyon nan figi ak gòj, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, toudisman oswa feblès), rele **9-1-1** epi mennen moun lan nan lopital ki pi pre a.

Pou lòt siy ki enkyete ou yo, rele pwofesyonèl swen sante ou.

Yo dwe rapòte reyaksyon yo nan Sistèm pou Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen (VAERS, Vaccine Adverse Event Reporting System). Anjeneral pwofesyonèl swen sante ou ap fè rapò sa a oswa ou kapab fè li pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS la nan www.vaers.hhs.gov oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS la se pou deklare reyaksyon yo sèlman, epi anplwaye VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

6**Kijan mwen kapab aprann plis?**

- Mande pwofesyonèl swen sante ou.
- Rele departman sante zòn ou oswa departman sante Eta a.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC, Centers for Disease Control and Prevention):
 - Rele nan **1-800-232-4636** oswa
 - Ale sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/vaccines

DCH-0468HC

AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Translation provided by the New York City Department of Health and Mental Hygiene

Vaccine Information Statement

PPSV23 Vaccine

Haitian Creole

10/30/2019



Office use only